# Qońırat rayonındaǵı Jaslıq posyolkasında jańadan asfalt tóseldi

Image not found or type unknown

Respublikamızdıń barlıq aymaqlarında avtomobil jolları hám ishki xojalıq jollarında ońlaw jumısları alıp barılıp atır. Bul baǵdarda «Abat awıl» hám «Abat mákan» baǵdarlamaları sheńberinde, sonday-aq, kúndelikli ońlaw jumısları boyınsha ishki xojalıq jolları hám ulıwma paydalanıwdaǵı avtomobil jollarında qurılıs, ońlaw jumısları alıp barılmaqta.

Jaqında Qońırat jollardan paydalanıw unitar kárxanası tárepinen Respublikamızdıń eń shetki aymaqlarınan biri bolǵan Jaslıq posyolka puqaralar jıyını aymaǵındaǵı ishki xojalıq jollarında ońlaw jumısları júrgizilip, jańadan asfalt tóseldi.